

## OU VO PLIS PASE ESKÒ KREDI OU.

NYC dakò. Gen yon nouvo lwa ki entèdi pifò biznis yo tcheke oswa sèvi ak istwa kredi ou lè y ap pran desizyon pou ba ou travay.

### Información para empleados y para quienes buscan empleo

Patwon yo **pa kapab tchèk kredi** ou ni yo pa kapab anboche yon lòt konpayi pou tcheke kredi ou. Si patwon ou mande ou siyen yon dokiman pou li kapab tcheke kredi ou, li vyole lalwa. Patwon yo pa kapab itilize ajans evalyasyon kredi oswa lòt ajans prive, ni ankenn lòt sèvis oubyen sit entènèt pou yo egzamine istwa kredi ou.

Patwon yo **pa kapab kesyonnen ou** non plis sou kijan ou abitye peye dèt ou, sou nivo responsabilite kredi ou, repitasyon kredi ou, ni sou ki kantite kredi ou genyen. Dèt ou genyen sou kat kredi, lajan ou peye pou sipò timoun, prè etidyan, sezi-ipotèk, peman ki pa fèt oswa peman ki fèt anreta, fayit, desizyon tribinal ak pwopriete yo kenbe pase ou dwe – tout sa ladann. Lwa sa a aplikab kit w ap travay kounye a oswa w ap chèche yon djòb.

Kredi ou **pa kapab lakòz** yo revoke ou, yo pa ofri ou yon djòb, oswa yo pa ba ou pwomosyon. Dapre Lwa Dwa Moun nan Nouyòk (NYC Human Rights Law), yo entèdi patwon yo konsidere kredi nan desizyon y ap pran konsènan anplwaye yo deja genyen oswa anplwaye potansyèl.

Lalwa pa anpeche patwon yo analize dosye ou ak eksperyans ou pou yo wè si ou kalifye pou yon pòs travay; yo kapab mande ou rezime ou ak referans, epi yo kapab fè rechèch sou entènèt (pa egzanp, Google ak LinkedIn).

### Èske patwon pa mwen dwe swiv sa Lwa Dwa Moun nan Nouyòk la di?

Nan pifò ka yo, wi. Patwon yo dwe gen omwens kat (4) anplwaye pou lwa sa a kouvri yo; pwopriyete a konte nan chif sa a tou. Kat (4) anplwaye yo pa oblije travay nan menm kote a; tout pa oblije travay nan vil Nouyòk non plis.

### Èske Lwa Dwa Moun nan Nouyòk la pwoteje mwen?

Nan pifò ka yo, wi. Dapre Lwa Dwa Moun nan Nouyòk la, anpil moun gen dwa, menmsi yo pa anplwaye a tan plen. Estajyè, travayè san papyè imigrasyon, domestik, anpil antreprenè endepandan, anplwaye a esè ak anplwaye a tan pasyèl, tout gen dwa anba lwa sa a.

Patwon yo toujou kapab poze kesyon sou istwa kredi, tcheke kredi, epitou itilize istwa kredi nan desizyon pou sèten pòs travay. Sa pa vle di tout yon biznis antye oswa tout yon endistri kapab egzante; sa afekte sèten djòb sèlman. Men kèk pòs travay ki egzante:

- Ofisye lapolis ak ofisye pou lapè (pa ajan sekirite prive); epi
- Djòb nan nivo egzekitif ki gen kontwòl sou finans, sekirite òdinatè, oswa sekre komèsyal.

Moun ki ap ranpli aplikasyon pou djòb oswa ki anplwaye kòm kesye labank, kesye, demenajè, travayè konstruksyon, vandè, anplwaye biwo ak anplwaye administratif, epi travayè restoran ak travayè kafe/bar, tout pwoteje anba lwa sa a. Patwon yo pa gen dwa konsidere istwa kredi nan desizyon ki afekte travayè sa yo ak pifò lòt kalite djòb.

### Èske lwa sa a afekte zafè lojman?

Non, lwa sa a afekte zafè travay sèlman. Nan desizyon lwaye oswa vant pwopriyete, yo kapab toujou konsidere istwa kredi ou.

### ¿Qué debo hacer si un empleador revisa mi crédito?

Telefone **(212) 416-0197** epi mande pou **Komisyon sou Dwa Moun** (Commission on Human Rights). Nou kapab ede ou touche salè ou pèdi ak jwenn lòt dedomajman, epitou nou kapab fè patwon an peye yon amann poutèt li vyole lalwa.